

#noupapdòmi

Pòtoprens, 20 Novanm 2019

Nou kondane inisyativ OEA ki chwazi travay ak yon gouvènman konwonpi pou detounen atansyon sou batay lejitim popilasyon an k ap konbat koripsyon ak enpinite. Jan nou te deja di li, nan yon lèt nou te adrese OEA nan dat 7 jen 2019, nou pa rekonèt okenn lejitime Jovenel Moise ak gouvènman ilegal defakto li an. Desizyon OEA pran pou travay ak Jovenel Moise montre a klè yo pa enterese nan konbat koripsyon ak enpinite an Ayiti vre. Tout inisyativ òganizasyon entènasyonal oubyen anbasad yo ap antreprann san yo pa tandè vwa pèp ayisyen an kondane pou echwe, sa vle di anfonse nou pi plis nan kriz, vyolasyon dwa moun ak soudevlopman.

Après plizyè rapò endepandan, Koudèkont montre enplikasyon dirèk prezidan an ak anpil gwo zotobre nan dilapidasyon lajan petwo karibe a. Jovenel Moise ak tout gouvènman ilegal li an pa gen okenn lejitimite pou mete okenn komisyon kanpe pou batay kont koripsyon ak enpinite.

Nou envite OEA ak tout zanmi Ayiti yo, enspire yo de eksperyans MINUSTAH a; kote tousuit apre 14 lane misyon militè ak ranfòsman enstitisyonèl, Ayiti rete ak menm rejim k ap vyole dwa moun, kriz ekonomik, koripsyon ak enpinite. OEA dwe trete Ayiti kòm manm òganizasyon an, sa vle di nan respè ak onè ki reyini tout manb yo, yo dwe respekte revandikasyon pèp ayisyen an k ap goumen pou demokrasi, transparans ak patisipasyon.

N ap egzije tou pou Koudèkont bay rès rapò sou dilapidasyon lajan petwo karibe a prese prese ak tout arè debè yo. Nou mande piblikasyon rapò chak ane sou eta finans peyi a ki se yon egzijans lalwa fè Koudèkont. Twòp gagòt nan depans piblik yo, pandan defisi bidjetè leta Ayisyen kontinye ogmante san nou pa wè kote lajan sa yo pase.

Nan non moral piblik, Jovenel Moise dwe demisyone epi dwe reponn kesyon lajistis. Jounen jodi a li vin yon nesosite pi plis pou prezidan an kite pouvwa a pi vit posib pou evite plis kawo.

Nou renouvle angajman nou pou nou batay pou reyalizasyon pwosè petwo karibe a, ki pa negosyab sou okenn fòm. N ap kanpe anfas tout enjerans entènasyonal ki vle enpoze nou solisyon bout mamit pou pwoteje konwonpi yo.

Viktwà se pou pèp k ap batay.

Demisyon. Pwosè. Prizon. Restitasyon.

Nou Pap Dòmi